

Pou Piblikasyon Imedya: 07/02/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE ENVESTISMAN KE IBM PRAL FÈ POU KREYE
SANT MATERYÈL ENTELIJANS ATIFISYÈL LAN SOU KANPIS SUNY POLY
ALBANY AN**

***Li Fè Pati Angajman 2 Milya Dola ke IBM Te Pran pou Kreye Yon Santral Rechèch
Global pou Devlope Pwochè Jenerasyon Materyèl Entelijans Atifisyèl yo***

***Sant Materyèl Entelijans Atifisyèl Eta New York-IBM lan Pral Fè Rechèch ak
Devlopman Revolisyonè pou Sipòte Inovasyon Entelijans Atifisyèl yo***

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke IBM, yon lokatè ki gen ankraj alontèm sou kanpis Enstiti Politeknik SUNY an (State University of New York Polytechnic Institute, SUNY Poly) ki nan Albany, planifye envesti plis pase 2 milya dola pou devlope enpak gwo teknoloji li genyen sou kanpis lan ak toupatou nan Eta New York. Sa gen ladan etablisman yon “[Sant Materyèl Entelijans Atifisyèl \(AI Hardware Center\)](#)” nan SUNY Poly pou fè rechèch, devlopman, pwototip, tès ak similasyon pis elektwonik pou òdinatè ki konsantre sou entelijans atifisyèl yo. Yon fwa ke li fin etabli, Sant Materyèl Entelijans Atifisyèl lan pral vin nwayo yon ekosistèm patnè rechèch ak komèsyal yo, epi solidifye pi plis pozisyon Rejyon Kapital antan ke “Tech Valley” - ki se yon santral global pou rechèch ak devlopman inovatif yo.

“New York te toujou sou devan sèn endistri ki ap emèje yo, epi envestisman sektè prive sa a pou kreye yon santral pou rechèch sou entelijans atifisyèl yo pral atire sèvo klas modyal epi atire kwasans ekonomik nan rejyon an”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Entelijans atifisyèl gen potansyèl pou li transfòme fason nou viv ak jan biznis fonksyone, epi patenarya sa a ak IBM pral ede asire ke New York ap kontinye rete sou premye plan nan devlopman teknoloji inovatif yo.”

“Envestisman sa a ke IBM te fè a pral kontinye devlope endistri gwo teknoloji New York lan nan Rejyon Kapital ak atravè Eta a”, **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare.** “Sant Materyèl Entelijans Atifisyèl lan pral elaji rechèch ak patenarya yo nan Enstiti Politeknik SUNY, epi asire ke Tech Valley ap atire biznis ak devlopman inovatif ki ap atire devlopman ekonomik nan rejyon an.”

Envestisman 2 milya dola ke yo prevwa IBM pral fè a li pral fèt nan SUNY Poly ak nan lòt etablisman IBM yo ki nan Eta New York. IBM planifye bay omwen 30 milyon dola an lajan kach ak nan kontribisyon an espès yo pou rechèch sou entelijans atifisyèl atravè sistèm SUNY an, ak SUNY ki ap rive bay jiska 25 milyon dola pou yon kantite total 55 milyon dola konbine ansanm. Empire State Development (ESD) pral bay yon sibvansyon kapital pou 300 milyon dola sou senk an, bay Research Foundation pou

SUNY ka achte, posede epi enstale zouti ki nesesè pou sipòte Sant Materyèl Entelijans Atifisyèl lan.

IBM ap planifye tou elaji epi pwolonje patenrya li ak SUNY Poly pou Sant pou Rechèch sou Semikondiktè a (Center for Semiconductor Research, CSR), ki pwograme pou ekspire nan fen ane 2021, pou rive omwen an 2023, ak yon opsyon pou pwolonje CSR lan pou yon senk ane adisyonèl rive an 2028.

Sant Materyèl Entelijans Atifisyèl lan pral atire nouvell konpayi endistri Entelijans Atifisyèl yo ak rechèch federal yo nan Eta a, pandan ke li ap favorize devlopman ekonomik epi ap travay pou kreye plizyè santèn nouvo pòs travay epi konsève plizyè santèn lòt pòs travay aktyèl sou kanpis SUNY Poly a ak nan etablisman IBM ak sa kolaboratè li yo.

Mukesh Khare, ki se Vis Prezidan, Semikondiktè ak Materyèl Entelijans Atifisyèl, Rechèch IBM te deklare, “Entelijans Atifisyèl pral transfòme mond lan yon fason dramatik nan ane ki gen pou vini yo. IBM ap pouse limit Entelijans Atifisyèl yo pi rapid - pou benefis endistri an ak sosyete a. Nan elaji patenarya nou ak Eta New York, nou ap kreye yon santral global pou rechèch materyèl Entelijans Atifisyèl yo ak yon ekosistèm pou ka inovè, devlope, epi dirije nan devlopman teknoloji revolisyonè yo”.

Steve Ghanayem, ki se Vis Prezidan Prensipal Nouvo Mache ak Alyans yo nan Applied Materials te deklare, “Nou antouzyas pou nou elaji patenarya teknoloji alontèm nou yo ak IBM antan ke yon manm nouvo Sant Materyèl Entelijans Atifisyèl lan. Akonplisman nivo pèfòmans ak efikasite enfòmasyon ki nesesyè nan epòk Entelijans Atifisyèl lan mande inovasyon nan materyèl ak metòd kreyasyon pis elektwonik yo. Konpayi Applied konsantre sou itilizasyon ekspètiz nou nan enjenyeri materyèl yo pou ede endistri an akselere devlopman teknoloji avanse yo”.

Etablisman rechèch Eta New York yo te sant avansman ak revolisyon teknolojik konsiderab yo, soti depi nan devlopman machinri ak ekipman pou pwochèn jenerasyon plakèt yo pou rive nan envansyon kèk nan pis elektwonik pou òdinatè ki pi piti epi pi avanse yo nan mond lan.

Pandan de dekad ki sot pase yo, Eta a te fè patenarya ak lidè yo ki nan endistri an ak inivèsite yo pou etabli enfrastruktir, mendèv ak ekosistèm ki nesesè pou konpayi gwo teknoloji yo ka pwospere nan Rejyon Kapital ak Rejyon Nò New York. Rezilta yo te konsiderab, nan jenere plizyè milya dola nan aktivite ekonomik yo epi, selon yon rapò 2018 ki te pwodwi pa Georgetown University, plis pase 60,000 pòs travay dirèk, endirèk, ki favorize, ak nan konstwiksyon yo an total nan rejyon an yo ka atribiye yo a nanoteknoloji. Efò sa yo te transfòme rejyon an pou li vin Tech Valley - yon santral global pou rechèch ak devlopman ak manifakti pou nanoteknoloji ak semikondiktè.

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisè Empire State Development lan, Howard Zensky, te deklare, “Etablisman Sant Materyèl Entelijans Atifisyèl lan pral solidiye pozisyon Eta New York sou devan sèn entelijans atifisyèl lan, youn nan teknoloji ki ap devlope pi rapidman epi ki pi transfòmasyon sou plan sosyal nan mond lan yo, ki ap atire opòtinite san presedan nan sektè gwo teknoloji yo. Apati investisman nan enfrastruktir ki nesesè pou sipòte inovasyon, patenarya sa a ant Eta New York ak

IBM pral ajoute sou rekò remakab ke SUNY Poly genyen nan rechèch ki ap mennen nan endistri an, epi kontinye atire plizyè milye pòs travay ak plizyè milya dola nan aktivite ekonomik atravè Rejyon Kapital ak Eta New York”.

Rektris SUNY an Kristina M. Johnson te deklare, “Sou lidèchip Gouvènè a, patenarya nou genyen ak biznis yo ap kontinye favorize revolisyon nan rechèch yo ak kwasans ekonomik pandan ke nou ap travay pou konbat tout bagay soti depi nan maladi ak kansè, pou rive nan redwi chanjman klimatik yo. Nou kontinye ofri yon edikasyon klas mondyal nan domèn inovatif yo, epi entelijans atifisyèl se jis youn nan egzanp de jan SUNY ap invest nan nouvo seri teknoloji yo pou prepare etidyan nou yo pou travay fiti ki byen peye yo. Nou fyè pou nou kolabore pou travay transfòmasyonèl sa a nan SUNY Poly”.

Pou sipòte pwojè a, Eta New York pral fè patenarya ak Enstiti Politeknik Rensselaer (Rensselaer Polytechnic Institute, RPI) ki nan alantou a. Sant Materyèl Entelijans Atifisyèl lan prevwa anboche epi kolabore tou ak yon kantite lòt konpayi gwo teknoloji ki ap ogmante yo, ak patnè inisyal yo ki gen pami yo Applied Materials, Samsung ak Tokyo Electron Limited (TEL).

Patenarya rechèch sa a ant Eta New York ak IBM fè pati Sant New York pou Rechèch, Avansman Ekonomik, Enjenyeri Teknolojik ak Syans lan (New York Center for Research, Economic Advancement, Technology Engineering and Science, NY CREATES) ke yo te anonse resamman an. NY CREATES reprezante yon nouvo patenarya ant ESD ak SUNY pou dirije pwojè devlopman ekonomik ak rechèch ak devlopman ki oryante anvwè endistri a yo ki ap devlope ekonomi gwo teknoloji eta a yo. An plis de fè vance nouvo pwojè yo ki gen yon repètwa elaji patnè endistri ak inivèsitè yo, NY CREATES pral òganize jesyon ansyen pòtfev devlopman ekonomik SUNY Poly an pandan ke l’ap kontinye asire ke pwojè gwo teknoloji ke Eta a te sipòte yo pral fonksyone yon fason ki pi efikas epi ak transparans, entegrite ak responsabilite.

Dr. Douglas Grose, Pwochen Prezidan NY CREATES lan te deklare, “Nou fyè pou nou pwomouvwa lidèchip Eta New York nan sektè gwo teknoloji yo atravè nouvo patenarya epi ki ranfòse sa a ak IBM. Inisyativ sa a pral atire investisman ak kreyasyon travay konsiderab ki pral benefisyè a ekonomi lokal, rejyonal, ak eta a pandan ke li ap poze travay bazik yo pou rechèch, devlopman ak komèsyalizasyon ki konsantre sou entelijans atifisyèl, ki ap sipòte opòtinite kolaboratif ki ap kontinye yo nan domèn sa a ki ap devlope rapidman”.

Prezidan Pwovizwa Entisti Politeknik SUNY an Grace Wang te deklare, “Nou espere wè menm pi gwo kolaborasyon ak IBM ansanm ak lòt patnè yo nan rechèch entelijans atifisyèl, ki ap bay opòtinite pou fakilte ak chèchè nou yo, ansanm ak opòtinite edikatif pratik yo pou etidyan nou yo. SUNY Poly kontan anpil pou li jwe yon wòl krisyal nan atire aktivite angajman ekonomik ki konsantre sou inovasyon ki ap mennen yo tankou Sant Materyèl Entelijans Atifisyèl lan, an plis de fòmè pwochen jenerasyon mendèv lan pou kenbe dominans New York ak peyi Etazini nan domèn teknolojik ki enpòtan sou plan estratejik sa a”.

John Kolb, ki se Vis Prezidan pou Sèvis Enfòmasyon ak Teknoloji ak Ofisye ak Ofisye Enfòmasyon An Chèf nan Enstiti Politeknik Rensselaer te

deklare, “Patenarya nou ak Eta New York ap ajoute sou ekspètiz pwofon Rensselaer genyen nan entelijans atifisyèl, analiz done, ak enfòmatrik. Travay nou fè ansanm yo pral kenbe New York sou devan sèn pwochè jenerasyon enfòmatrik yo”.

Senatè Neil D. Breslin te di, “SUNY Poly te sou devan sèn divès revolisyon teknolojik epi li te yon faktè ekonomik an pèmanans isit la nan Rejyon Kapital. Nan aliye vizyon SUNY Poly ak lidè endistri ak enstitisyon akademik yo tankou RPI, kreyasyon nouvo Sant Materyèl Entelijans Atifisyèl sa a pral asire pozisyon rejyon nou an antan ke yon santral global ak lidè nan avansman teknolojik yo”.

Manm Asanble Patricia Fahy te di, “Mwen aplodi investisman ke IBM ap fè nan yon nouvo Sant Materyèl Entelijans Atifisyèl pou Enstiti Politeknik SUNY, ki se yon faktè kle nan devlopman ak kwasans ekonomik nan rejyon nou an. Antan ke Prezidan Komisyon sou Syans ak Teknoloji nan Asanble Eta New York lan (NYS Assembly's Commission on Science and Technology), mwen antouzyas pou potansyèl rechèch nouvo sant sa a genyen. Sistèm otomatize yo pral jwe yon wòl krisyal nan devlopman mendèv epi konbat chanjman klimatik yo nan yon fiti ki pwòch. Mwen remèsye Gouvènè a poutèt sipò li - investisman sa a pral favorize menm pi plis kwasans travay epi fè vanse volonte rejyon nou an genyen pou vin Dezyèm Tech Valley nasyon an”.

Manm Asanble, John T. McDonald III, te deklare, “Rejyon Kapital se lakay inovasyon ak rechèch syantifik sa ki fè li se yon chwa lojik pou Sant Materyèl Entelijans Atifisyèl lan. Mwen konfyan ke investisman sa a pral ajoute sou investisman ki te fèt nan tan pase yo epi pral mennen menm pi gwo kwasans nan Rejyon Kapital”.

Chèf Egzekitif Konte Albany, Daniel P. McCoy, te di, “Anons jodi a montre ke isit la nan Konte Albany, nou pran devan nan gwo teknoloji yo. Mwen felisite Gouvènè Cuomo poutèt investisman ak lidèchip pèmanan li nan kreyasyon patenarya ki bay rezilta yo ak lidè endistri yo tankou sa a ak IBM”.

Majistra Albany a Kathy Sheehan te deklare, “Investisman revolisyonè IBM lan konfime sityasyon SUNY Poly kòm youn nan enstitisyon rechèch ak devlopman prensipal nan peyi a yo, epi nouvo Sant Materyèl Entelijans Atifisyèl lan se yon ajou ki byenvini nan sektè teknoloji Albany ki ap devlope a. Mwen ta renmen remèsye Gouvènè Cuomo ansanm ak ekip talantye ak devwe yo ki nan Empire State Development ansanm ak SUNY Poly poutèt angajman pèmanan yo nan ‘Tech Valley’ New York lan”.

###

W’ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)